

GID POU DEKLARASYON POU BEZWEN KI SÈTIFYE YO

Yo te adopte [Deklarasyon pou Bezwen ki Sètifye a](#) (deklarasyon bezwen an) pou limite kantite lajan nan fon piblik ke yo bay nan kous nan eleksyon yo kote se yon ti opozisyon ke patisipan rankontre (gade Admin. Kòd §3-705(7)(b)). Pou yo ka aksepte Deklarasyon pou Bezwen w lan, ou dwe demontre ke yon kandida ki anfas ou ranpli omwen youn nan sèt kondisyon ke lalwa bay epi detaye yo apati paj 2 nan gid sa a.

KILÈ YON DEKLARASYON POU BEZWEN NESESÈ?

PÈMAN ANVAN VÒT YO

Pou pèman anvan vòt yo, li nesèsè pou resevwa yon Deklarasyon Pou Bezwen pou resevwa **nenpòt** fon piblik sof si:

- ◆ Ou ap prezante pou yon pòs ki ouvè (pa gen okenn titilè pou eleksyon) **OSWA**
- ◆ Ou opoze (sou baz enskripsyon nan CFB a) ak yon kandida ki te deja resevwa yon pèman ki sot nan fon piblik yo anvan vòt yo

Dat limit pou soumèt: 15 jou ouvrab anvan [dat pèman an](#).

PÈMAN PRIMÈ YO

Pèman yo limite nan **25%** maksimòm fon piblik yo nan [eleksyon primè yo](#) pou fonksyon ou a. Li nesèsè pou gen yon Deklarasyon Pou Bezwen pou retire plafon sa a sof si:

- ◆ Ou ap prezante pou yon pòs ki ouvè **OSWA**
- ◆ Ou opoze (sou bilten vòt) ak yon kandida ki te deja resevwa fon piblik yo

Dat limit pou soumèt: 15 jou ouvrab anvan [dat pèman an](#) oswa nan dat limit ki nan [deklarasyon ki te vin anvan an](#), **kèlkeswa sa ki te vin an 2zyèm la**. Dènye delè a se delè 32 jou ki vin anvan deklarasyon divilgasyon primè a.

PÈMAN POU ELEKSYON JENERAL YO

Yon Deklarasyon pou Bezwen **toujou** nesèsè pou resevwa plis pase 25% maksimòm fon piblik yo, sof si ou opoze ak yon kandida ki te resevwa fon piblik yo pou **eleksyon jeneral** (anvan oswa apre vòt yo).

Dat limit pou soumèt: 15 jou ouvrab anvan [dat pèman an](#) oswa nan dat limit ki nan deklarasyon ki te vin anvan an, **kèlkeswa sa ki te vin an 2zyèm la**. Dènye delè a se delè 32 jou ki vin anvan eleksyon jeneral la pou [deklarasyon divilgasyon](#) an.

Nòt: Pou tout kalite pèman, si ou te deja soumèt yon Deklarasyon pou Bezwen, men kandida ou te nonmen an pa sou bilten vòt la oswa mete fen ak kandidati li, ou dwe soumèt yon nouvo Deklarasyon pou Bezwen kote w ap nonmen yon lòt advèsè diferan pou resevwa fon piblik adisyonèl.

LIS KONTWÒL KONDISYON SOUMISYON YO

Kandidati ou a gen eleman ke yo mansyone pi ba a epi li dwe genyen nan lòd. Yo ap rejte kandidati ki pa satisfè egzijans sa yo san yo pa menm egzamine yo an detay, epi ou ap resevwa yon lèt nan Pòtay la ki ap ekplike w poukisa yo pa t aksepte kandidati w la epi ou gen posibilite soumèt li yon lòt fwa ankò. Yo ap egzamine epi trete nouvo kandidati ke yo resevwa yo pou dat pèman ki vin apre a.

Fòmilè pou Deklarasyon pou Bezwen

- Konplete nèt enfòmasyon sou Kandida a.
- Tcheke bwat ki koresponn ak kalite pèman an (anvan vòt la, primè oswa jeneral).
- Tcheke omwen yon bwat ki endike kondisyon pèman an epi endike ki kandida advès ke ou ap nonmen an. Pou pèman anvan vòt yo sèlman, ou kapab nonmen nenpòt ki kandida ki anrejistre nan CFB pou prezante nan menm fonksyon ke ou swete a. Ou ka nonmen tou titilè ki la kounye a, menm si li poko anrejistre nan CFB a.
- Kandida a dwe siyen epi mete dat sou fòmilè a pa anba. Pou soumisyon elektwonik yo (de preferans) kandida a ta dwe senpleman tape non li ak dat la dirèkteman nan fòmilè a (li pa nesèsè pou enprime epi siyen li).

Tab dè Matyè

- Prezante dokiman sipò yo nan lòd epi mete:
 - Non oswa tit pyès la, non piblikasyon kote li te parèt la ak dat yo te publiye l la.
 - Lyen URL ki fonksyone yo (kote sa aplikab).

❑ Dokiman Sipò:

- ❑ Yo dwe siyale oswa make yon fason ki klè enfòmasyon ki enpòtan yo.
- ❑ Imaj PDF yo dwe klè epi dwe gen menm gwosè.
- ❑ Asire w ou bay lyen URL ki fonksyone yo (si sa aplikab) nan Tab dè Matyè a.
- ❑ Ajoute yon PDF konteni an si li nesèsè pou gen yon abònman ki peye pou ka gen aksè ak li (egzanp, yon sit ki mande pou peye pou ka gen aksè ak li [paywall]).

Voye demann ou an nan yon imèl nan documents@nyccfb.info sou fòm yonsèl PDF, epi make "Deklarasyon pou Bezwen ki Sètifye" nan liy sijè a. Yo dwe voye li apti youn nan kont imèl kanpay la ki parèt sou Sètifikasyon w lan.

GID AK LIS VERIFIKASYON POU DOKIMAN SIPÒ YO

Gen sèt (7) kondisyon ki pèmèt ou dokimante konsènan advèsè ou te site yo. Byenke ou ka nonmen plis pase yon advèsè ak/oswa plis pase yon kondisyon, ou ka bezwen sèlman dokimante avèk siksè **yon** kondisyon pou **yon** advèsè. Dokiman sipò ke ou te soumèt yo avèk Deklarasyon pou Bezwen an dwe suiv direktiv ki endike anba a. Si w echwe nan dokimante totalman kondisyon yo te nonmen an (yo) nan Deklarasyon pou Bezwen ou an, yo ap rejte sou baz byen fonde. Yo ap fè w konnen nan Pòtay la si yo te aksepte oswa rejte soumasyon ou an.

Nòt: Yo pibliye Deklarasyon pou Bezwen yo sou sit web CFB a kit yo te aksepte yo oswa yo te rejte yo sou baz byen fonde.

1. Opozan ki Finanse Tèt yo

Ou dwe pwouve ke opozan w lan ki pap patisipe a ka finanse tèt li poukò lè w soumèt dokiman ki vin apre yo:

- ❑ Dosye divilgasyon opozan anvan an oswa aktyèl la te soumèt bay CFB a, Konsèy Elektoral NYS la (NYS Board of Elections), oswa Komisyon Elektoral Federal la (Federal Election Commission), ki montre ke li te leve oswa depanse omwen yon senkyèm nan plafon depans lan pou kous elektoral aktyèl la oswa li te finanse tèt li nan yon kous anvan nan nivo depans sa a; OSWA
- ❑ Kominike pou laprès, delarasyon/rapò odyo oswa videyo, oswa atik ki montre aktivite kanpay advèsè w la oswa entansyon li pou li finanse pou kò l kanpay li.

2. Apwobasyon

Ou dwe pwouve ke advèsè ke ou te nonmen an te resevwa yon apwobasyon nan men:

- ◆ yon fonksyonè ki eli nan nivo vil la, eta a oswa nan gouvènma federal la ki reprezante tout oswa yon pati nan zòn ke eleksyon an kouvri; OSWA
- ◆ de lòt fonksyonè minisipal oswa plis ki reprezante tout oswa yon pati nan zòn ke eleksyon an kouvri; OSWA
- ◆ youn oswa plizyè òganizasyon ki gen plis pase 250 manm.

Dokimante li lè w soumèt li:

- Kominike pou laprès, deklarasyon/rapò odyo oswa videyo yo, sit entènèt yo oswa aktik laprès ki dokimante èd la (yo); AK
- Nan ka yon òganizasyon ki gen plizyè manm, mete dokiman ki pwouve kantite manm yo.

3. Gwo Vizibilite nan Medya

Ou dwe dokimante omwen 12 aparasyon yon kandida advès ak/oswa non li nan televizyon, nan radyo oswa nan laprès alekri ki gen yon gwo distribisyon nan rejyon eleksyon an lè w soumèt:

- Atik yo, pòdkas anliy yo ak/oswa videyo ki soti nan medya enfòmasyon ak òganizasyon anliy yo ki ap fè jounalis investigasyon oswa ki kouvri sijè aktyalite yo:
 - Lyen oswa kopi PDF atik laprès dirèk yo; OSWA
 - Atik ke yo jwenn nan pati "aktyalite" nan motè rechèch yo; OSWA
 - Atik ki mansyone nan jounal ki soti chak jou yo oswa chak semèn yo ki anliy yo.
- Piblisite yo ki ap prezante advèsè a ke ou te nonmen an, sa gen ladan l piblisite komèsyal yo ak sa yo ke investisè endepandan yo te peye (eksepte piblisite ke komite aktyèl kandida a peye yo)
 - Ou dwe endike kote ak lè yo te pibliye piblisite a.
- Emisyon deba odyo yo oswa videyo yo sa gen ladan l emisyon deba komèsyal yo, pòdkas yo ak emisyon kote piblik la gen aksè yo ke yon twazyèm pati ki pa gen rapò ak kandida a ki prezante kandidati li a ap jere.
 - Endike non emisyon an, nimewo epizòd la (si sa aplikab) ak dat kote yo te difize emisyon an.
 - Piblikasyon sou medya sosyal yo sa gen ladan twit yo ki soti nan medya enfòmasyon ak òganizasyon anliy yo ki ap fè jounalis investigasyon oswa ki kouvri sijè aktyalite yo oswa anlwaye yo (sa vle di jounalis ak prezantatè jounal nan televizyon yo).

4. 25% vwa yo nan Eleksyon Anvan an

Ou dwe dokimante ke advèsè ou a ki te nonmen an te jwenn omwen 25 % vwa yo nan yon eleksyon ki te fèt nan 8 dènye ane yo nan zòn jeyografik fonksyon ke w vize a, jan sa a:

- Bay yon lyen ki fonksyone ki mennen nan "Deklarasyon ak Retounen Rapò pou Sètifikasyon" ki **espesifik** ak [Konsèy Elektoral \(Board of Elections\) Vil Nouyòk](#) ki dokimante total vòt advèsè w la, ke yo ka jwenn [la](#). Kole lyen espesifik sa a bò kote non advèsè ke yo te nonmen an sou fòm Deklarasyon pou Bezwen an, OSWA
- Telechaje epi tache rapò a sou fòm PDF ak fòm la.

5. Non ki Sanble Anpil (Sibstansyèlman Similè)

Ou dwe soumèt dokiman sa yo:

- Dokimantasyon ki montre ke advèsè ou te nonmen an gen menm non ak siyati ak ou, oswa non yo parèt oswa sonnen menm jan an (egz., **Robert Smith** ak **Bob Smith**, **Robert T. Smith** oswa **Robert Smith Jr.**), jan yo parèt nan [lis kandida](#) CFB a; sit entènèt kanpay advèsè a, nan medya sosyal yo oswa nan dokimantasyon an; oswa nan atik laprès konsènan advèsè ke yo te nonmen an.

6. Chèf, prezidan oswa jesyonè distri yon komisyon kominotè

Yo ka nonmen kondisyon sa a sèlman si w ap kandida pou konsèy minisipal oswa pou prezidan awondisman epi advèsè w la gen fonksyon sa a nan zòn kous w ap patisipe a kouvri nan moman w ap soumèt la. Ou dwe soumèt dokiman sa yo:

- Sit entènèt komisyon kominotè a oswa dokimantasyon ki gen lis titilè fonksyon yo ki pwouve ke advèsè w ke ou te nonmen an okipe youn nan pòs sa yo. Gen yon lis komisyon kominotè ki disponib sou [sit entènèt](#) Biwo Afè Kominotè Majistra a.

7. Yon manm fanmi an se/te yon fonksyonè eli

Ou dwe soumèt dokiman sa yo:

- Dokimantasyon ki montre ke advèsè ke ou te nonmen an gen yon konjwen, yon patnè domestik, yon frè oswa sè, yon paran oswa yon timoun ki gen oswa te gen yon fonksyon ki baze sou eleksyon nan yon zòn ki gen tout oswa yon pati nan zòn ke eleksyon an kouvri padan dis dènye ane yo.